

SEKIRITE APRE TANPÈT LA


Enfòmasyon pou l'jans:
1-800-342-3557
floridadisaster.org

DLO KI SAN DANJE

Pou bwè, fè manje, lave blesi ak bwose dan, sèvi ak boutèy dlo, dlo bouyi oswa dlo ki dezenfekte.

AVI POU DLO BOUYI

Kite dlo a bouyi pandan 1 minit pou tiye mikwòb yo.




7-8 gout (apeprè 1/8 ti kiyè) klowòks pou chak galon dlo.



FASON POU DEZENFEKTE

1. Ajoute nan chak galon dlo 8 gout klowòks òdinè san pafen (konsantrasyon 4-6%) oswa 7 gout klowòks fò (konsantrasyon 8.25%).
2. Melanje epi kite l poze pandan 30 minit.
3. Si dlo a twoub apre 30 minit, refè sa yon fwa.



DLO INONDASYON oswa DLO SAL

Pèsonn pa dwe jwe nan dlo inondasyon.

Tranpe jwèt sal yo nan dlo pwòp ki dezenfekte.

LAVE MEN OU SOUVAN

Sèvi avèk savon ak dlo ki san danje. Lave men w anvan w manje, apre w sot nan twalèt ak lè w ap netwaye ak manyen bagay ki sal ak dlo inondasyon oswa dlo egou.

Kenbe kote po ou fann oswa maleng ki pa sikatrize yo pwòp.

Mete pomad antibyotik avèk men pwòp. Si vin gen woujè, anflamasyon oswa likid k ap soti, al wè yon doktè.

EPIZMAN AKÒZ CHALÈ SIY AVÈTISMAN



Maltèt.

Swe Anpil.

Po vin pal.

Endispozisyon, santi w fatige, fèb oswa toudi.

Kranp nan misk

Kèplen ak vomisman.

Sentòm KOUT CHALÈ:

Konfizyon, chanjman eta mantal, pale ak lang lou, pèdi konnesans (koma), po cho, sèk oswa swe anpil, kriz, tanperati kò wo anpil. Kout chalè ka fatal si tretman an fèt anreta.

MANJE



Kite pòt frijidè ak frizè yo fèmen pou kenbe tanperati frèt la.

FRIZÈ YO: Si pòt la rete fèmen, manje konsève sennesòf pandan 48 èdtan apeprè nan yon frizè ki plen ak pandan 24 èdtan apeprè nan yon frizè mwatye plen. Manje a san danje si li gen kristal glas oswa si li nan 40° F oswa piba. Pou evite fwit, retire glas la nan frizè w anvan li fonn.

FRIJIDÈ YO: Manje nan yon frijidè ki pa louvri rete san danje pandan 4 èdtan apeprè. Apre tan sa, jete manje ki gate yo: vyann, bèt volay, pwason, fwomaj mou, lèt, ze, rès manje ak atik deli yo.

Pa manje nouriti nan bwat ki bonbe oswa ki ouvè.

Netwaye bwat ki pa ouvè yo ki te sal nan dlo inondasyon: retire etikèt yo epi, sèvi avèk dlo pwòp dezenfekte pou tranpe bwat yo ladan pandan 30 minit omwen. Konsidere manje prepare nan kay ki nan bwat yo pa bon.

Pa janm goute yon manje pou jwenn si li san danje.

Bay tete pi bon pou tibebe yo.


Si w ap bay tete, kontinye bay tete souvan. Pou tibebe ki pran fòmil pou tibebe, itilize bibwon ak tetin ki sterilize. Jete kenpòt fòmil pou tibebe prepare ke tibebe a pa bwè apre inèdtan. Si dlo a san danje, prepare fòmil pou tibebe an poud ak dlo pwòp. Si pa gen dlo san danje ki disponib: sèvi ak fòmil pou tibebe ki tou pare pou bay bwè (Ready-To-Feed, RTF). Ou dwe mete nan frijidè oubyen jete nenpòt fòmila RTF ki louvri ke w pa itilize nan inèdtan.

ANPWAZONNMAN MONOKSID KABÒN (CO)

Li se yon gaz ki envizib, ki pa gen odè epi ki pa gen gou. Li ka lakòz fatig, feblès, doule nan pwatrin, souf kout, lestomak deranje, vomisman, maltèt, konfizyon, pwoblèm vizyon, pèdi konnesans ak lanmò.

Prevansyon anpwazonnman ak monoksid kabòn (CO):


Pa janm itilize dèlko ki mache ak gaz andedan yon kay. Kenbe dèlko pòtab oswa motè gazolin yo nan distans 20 pye omwen ak fenèt louvri, pòt, èkondisyon ki nan fenèt yo, oswa echapman vantilasyon yo. Pa boule chabon andedan ni pa kite okenn motè ki mache ak gaz nan okenn kote ki fèmen nèt oswa an pati. Enstale nan kay ou alam monoksid kabòn aCO ki mache ak batri oswa ki ka ploge (ki gen batri bakòp).



Ou sispèk anpwazonnman ak monoksid kabòn (CO)?

ALouvri pòt ak fenèt yo, etenn aparèy ki mache ak gaz yo, ale deyò epi rele 911 oswa Sant Enfòmasyon Pwazon (Poison Information Center) nan 1-800-222-1222.

EVITE DEGA DIFE



Sèvi ak lanp ki mache ak batri epi flach.

Si w dwe itilize bouji, mete yo nan yon sipò ki san danje, lwen rido, papyè, bwa oswa lòt atik ki ka pran dife.



DLO KI CHITA ANJANDRE

Kouvri po ou.

Mete soulye, chosèt, pantalon long ak manch long. Flite moustik pa sennesòf pou timoun ki poko gen 2 mwa, sèvi ak yon moustikè pou pwoteje yo. Repare ekran griyaj ki chire nan fenèt, pòt, galri, ak patyo yo.

FLITE AVÈK PWODUI POU CHASE ENSÈK PO KI TOUNI EPI RAD YO.



Sèvi ak spre ki gen DEET, picaridin, lwil ekalptis sitwon oswa IR3535. Suiv esplikasyon ki sou etikèt la.

Jete debri tanpèt yo sito sa posib.

Tcheke epi antretni chimi pisin ou.

Devide pisin an plastik yo.

